



Chè Kliyan MBTA Senior/TAP:

Felisitasyon pou nouvo Senior/TAP/Blind Access CharlieCard ou a.



Senior/TAP/Blind Access CharlieCard ou:

1. Fleksib! Ou kapab itilize nouvo kat ou pou w vwayaje nan tout sèvis MBTA yo. Moun ki gen Senior/TAP yo peye 50% nan tikè otobis lokal, tren, tren pasaje/bato pasaje ak otobis ekspès yo. Lè w sèvi avèk li ou gen transfè gratis nan de dènye èdtan sèvis yo. Moun ki gen kat Blind Access yo vwayaje gratis.
2. Pratik! Mete yon pass mansyèl, mete lajan, oswa toude nan Senior/TAP CharlieCard ou nenpòt lè ou nan yon estasyon T.
3. Senp! Pou w itilize l, senpleman tape kat ou nan sib nwa nan machin tikè nou an, kontwa tikè ak bwat tikè pou w kontinye. Pa mete.
4. Pèmanan! Kounye a ke w gen kat ou, konsève l epi itilize l toutan. L ap dire pandan plizyè ane depann de kalifikasyon w. Tcheke dat ekspirasyon kat ou.

Kijan Pou w Pran Swen Kat ou:

Tout Senior/TAP/Blind Access CharlieCards yo vini avèk yon microchip andedan yo. Pou l kapab travay kòm sadwa, jere l avèk bonjan swen. Pou w anpeche kat la domaje:

1. PA FÈ okenn twou nan kat ou, paske l ap andomaje chip òdinatè ki nan kat la.
2. Pa pliye oswa tòde kat ou.
3. Pa janm mete kat la nan okenn ekipman.

Enfòmasyon sou Kat Tikè Redwi:

1. Senior/TAP/Blind Access CharlieCard ou a pral ekspire nan dat ki enprime nan kat la.
2. CharlieCards Tikè Redwi yo pa transferab e yo sijè a règleman ki aplikab ak kondisyon itilizasyon. Nenpòt vyolasyon nan règleman sa yo pral lakoz konfiskasyon touswit.
3. Si yo te ba w yon kat tanporè, tanpri kòmanse pwosesis renouvèlman an 3 mwa anvan dat ekspirasyon an.
4. Pou w renouvle kat ou oswa rapòte li pèdi oswa yo vòlè l, rele nan 617-222-3200.


Tanpri vizite mbta.com pou w revize règleman konfidansyèl MBTA a ak pou plis enfòmasyon.

Kijan pou w mete lajan oswa yon pass mansyèl nan Senior/TAP/CharlieCard ou:



Nan nenpòt estasyon machinn ki vann tikè, mete lajan oswa achte Yon Senior/TAP LinkPass (\$30.00).

1. Machin ki vann tikè yo lokalize nan tout estasyon MBTA yo ak gwo sant otobis yo.
2. Vizite yon revandè lokal ki gen logo "Charlie" a.
2. Mete kat ou nan sib nwa a avèk ti limyè vèt la.
3. Peze swa "Add Value" oswa "Purchase Passes".
4. Swiv enstriksyon peman nan ekran an.



5. Mete kat ou nan sib nwa a ankò pou w konplete tranzaksyon an.
6. Kontinye nan kontwa tikè redwi oswa bwat tikè a epi mete kat ou nan sib nwa a pou w antre.
7. Pou w tcheke enfòmasyon/ balans ki rete nan kat ou nan machinn ki vann kat la, jis mete l nan sib nwa a epi chwazi bouton “Card/ Ticket Information” an. Balans ou ap parèt nan ekran an.
8. Nan bwat tikè oswa kontwa tikè a balans ki rete nan kat la pral parèt apre chak tranzaksyon.



Kijan pou w itilize Senior/TAP CharlieCard ou a:

1. Pou kliyan ki gen lajan nan kat yo, pri tikè redwi (Otobis Lokal – 85¢, Tren – \$1.10) pral dedwi lè w mete kat la nan sib nwa ki chita swa nan bwat tikè a (otobis ak kabwèt) oswa nenpòt kontwa tikè.
2. Nan yon liy otobis oswa bwat tikè kabwèt Liy Vèt. Mete kat ou nan sib nwa ak tablo a. Tikè w la pral redwi otomatikman.
3. Nan yon kontwa tikè tren, senpleman tape kat ou a nan sib nwa a. Kontwa a pral ouvri touswit pou ou epi pri tikè w pral dedwi.
4. Si w bezwen yon transfè otobis oswa tren, li pral estoke otomatikman nan kat ou. Pa gen transfè papye ankò!
5. Kliyan ki gen yon PassLink TAP/Senior Chak Mwa Senior/TAP LinkPass gen aksè nan tout sèvis tren ak otobis lokal yo achte pou mwa kalandriye a.



Kijan pou w mete lajan nan bwat tikè a:

1. Peze bouton blan an.
2. Mete kat ou a nan sib nwa a avèk ti limyè vèt la.
3. Mete lajan an.
4. Peze bouton blan an pou w aksepte.
5. Mete kat ou a nan sib nwa a ankò.



Kliyan Blind Access CharlieCard yo:

Nouvo kat ou a ba w dwa (ak yon gid vizyèl) pou w monte nan tout sèvis wout fix MBTA (otobis, tren, tren pasaje ak bato pasaje) yo gratis. Annik tape kat ou nan sib nwa ki devan bwat tikè/kontwa tikè a. Lè w tande siyal odyo a kontinye sou tablo a oswa nan kontwa a.

Pou plis enfòmasyon sou orè, tikè ak pwogram tikè redwi, oswa si ou pèdi kat ou, tanpri kontakte Sant Apèl MBTA nan (617) 222- 3200, TTY (617) 222-5854 oswa vizite mbta.com.

Aplike pou Senior/TAP oswa Blind Access CharlieCard nan:

CharlieCard Store

Downtown Crossing Station
(Underground Concourse)
7 Chauncy Street
Boston, MA 02111

**Lè travay yo se Lendi – Vandredi,
8:30 A.M. – 5:00 P.M.**

Pou plis enfòmasyon oswa pou yon lòt fòm dokiman sa a tanpri rele (617) 222-3200, TTY (617) 222-5415 oswa vizite mbta.com.